

ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

gazeta.veduchi@mail.ru № 34 (377), 17 сентября 2020г.

Ведучи

Свободная цена

Мехалчух

Халкъан гулам хилира Соьлжа-ГІалахь

Соьлжа-ГІалахь дІабаьхьира Нохчийн Республикин халкъан гулам. Цигахь дакъалоцуш бара Нохчийн Республикин Куьйгалхочун хьехамча, муфти Межиев Салахь-Хьаьжа коьртехь волуш, республикера Іеламнах, Къурайшин цІийнах, эвлаяийн тІаьхьенех болу нах, къадарийн а, накъшбандин а тІарикъатехь болу муридаш, Къанойн кхеташонан векалш, кхиберш.

Гулам дІабаьхьира Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цІарах долчу «Нохчийчоьнан дог» цІе йолчу доккхачу маьждигехь. Кхуза баьхкинчарна хьалха къамел дира муфтис Межиев Салахь-Хьаьжас, Къурайшин цІийнах болчеран векала Джамалуллайл Сайд-Хьамзата, Кишин Кунта-Хьаьжин муридийн тхьамдас Тепсуркаев Хасус, Ташу-Хьаьжин муридийн тхьамдас Хетиев Ансара, Кишин Кунта-Хьаьжин муридийн туркхо Амиров Іелас, дуккха а кхечара.



Халкъан гуламан дакъалацархоша дийцаре дира цхьаболчу нохчаша, ша аьлча, евроичкерихочо Закаев Ахьмада, карарчу хенахь Ингалс пачхьалкхехь Іаш волчу, Нохчийн Республикин куьйгаллина дуьхьал дуьйцуш дерг. Гуламехь дакъалоцуш хиллачара дІахьедира шаьш цо дуьйцург емалдеш хилар. ХІунда аьлча, иза ши юьхь йолуш ву, халкъан ямартхо ву. Уггаре а хала беанчу муьрехь, шен мохк а, халкъ а дІатесна, ведда Европе дІавахана. Кхин эхь ца хеташ, нохчийн халкъана дуьхьал болх беш ву.

Гуламан берриге а дакъалацархой тешна бу Закаев санна болчара нохчийн халкъан сий-ларам бойъуш хиларх, нохчийн халкъ политикин а, кхечу а хьежамашца доькъуш хиларх. Закаев санна болчара бийриг тешнабехк бу, еш ерг ямартло ю, Нохчийчоьнан Куьйгалхо вочу цІарца хьехорца. Церан Іалашо ю нохчийн халкъана юкъахь резадацар, жахьталла, цатешам кхоллар, халкъ декъар.

Дерриге а дуьненна девзаш ду Нохчийн Республикин Куьйгалхочун Кадыров Рамзанан беркате гІуллакхаш. Бакъволчу бусалбанан масал ду цо шегарчу комаьршаллица, къинхетамца дерриге а дуьненна гойтуш дерг. Тахана тІекхаьчна массо а хІума шен-шен метте дІахІотто деза хан, нохчийн халкъ цхьаъ хилла дІахІоьттина хилла хилар гайта деза хан, халкъо хаьржина болу некъ цабезачеран, тІе ца лацалучеран цІераш яха еза хан. Ткъа иза Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин некъ бу.

Гулам берзош, цигахь дакъалоцуш хиллачара цхьабарт хуьлуш тІеийцира хьокъала йоллу резолюци.

Д.АНАДЕВ

Р. Кадыров: Россин исламан дешарехь уггаре а сийдолчех ю Россин Исламан университет

Соьлжа-ГІаларчу шайх Кунта-Хьаьжи цІарахчу исламан университетан 11 шо кхачаран хьокъехь шен социальни зІенан агІонехь Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана яздина: «Вайн махкахь шайх Кунта-Хьаьжи цІарахчу исламан университетан 11 шо кхаьчна. Оцу денца декъалбо аса университетан ректорат а, хьехархой а, дешархой а! Россин исламан дешарехь уггаре а сийдолчех хилла дІахІоьттина университет оцу кІеззигчу муьрахь. Тахана вайн махкара хьовха, кхечу регионашкара а кхузахь деша Іалашо йолуш кегийрхой богІу. Ала деза, лаккхара хаарш долу говзанчаш кечбо дешаран а, Іилманан а туш хилла дІахІоьттина университет кху тІаьххьарчу хенахь», – аьлла, яздина регионан куьйгалхочо.

Цо билгалдаьккхира, динан Іилма Іаморехь а, гІиллакх-оьздангаллин гурашкахь кегийрхой Іаморехь а университетан куьйгалло а, хьехархоша а дуккха а диканиг дина хилар. Студенташ Іамош бу лаккхара говзалла йолу Іилманан докторш а, Іилманан кандидаташ а. «Уьш берриге а дуьненахь а евзачу дешаран учрежденешкахь дешна а, Іилманан лаккхара хаарш долуш а хьехархой бу. Цул сов, студенташна лекцеш йоьшу дуьненахь а бевзачу динан гІуллаккхоша. Къаьсттина ала луур ду суна, университет кхиаран некъа тІехь дукха къахьегначу сайн вешех Мутушев Іабдурохьимах лаьцна. 2009-чу шарахь дуьйна, вайн махкахь динан Россин университет схьайиллачхьана а цуьнан куьйгаллехь ву Іабдурохьим. Цо дукха къахьегар бахьанехь, Россин динан университет уггаре а тоьллачех хилла дІахІоьттина, цундела аса даггара баркалла боху цунна. Суна даггара лаьа университетан куьйгалхойн а, студентийн а, хьехархойн а кхин а лаккхара кхиамаш хуьлийла дешарна тІехь а, балхахь а!», – яздина Р.Кадыровс.

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а пресс-служба

Заслуженная награда

Почетной грамотой Парламента Чеченской Республики награжден глава Администрации Итум-Калинского муниципального района М.В.Алхастов. Подчеркивая деятельность Мовсара Вахидовича на посту руководителя Администрации горного района, Председатель Парламента ЧР Магомед Даудов подчеркнул добросовестное исполнение им своих служебных обязанностей и плодотворную работу на благо жителей республики.

Как мы знаем, Мовсар Алхастов руководит Итум-Калинским районом с января 2018 года. Мы также помним, что представляя его в ходе совещания 9.01.2018 года, Глава ЧР Рамзан Кадыров подчеркнул: «Мовсар молодой, трудолюбивый, грамотный и ответственный управленец. Уверен, что он оправдает возложенные надежды и сможет вывести на новый уровень развития Итум-Калинский район. Мы желаем ему успехов в этом нелегком деле».

С тех пор Мовсар Вахидович на деле доказывает правоту слов Главы республики. Несмотря на молодость, он



умело руководит столь нелегким районом. Благодаря его плодотворному управлению в районе произошли хорошие изменения в лучшую сторону, он умелый управленец, знающий нужды и чаяния своих жителей.

От души поздравляя Мовсара Вахидовича за заслуженную награду, желаем ему успехов в работе, здоровья, счастья.

Дала тІаьхье беркате йойла!

Редакция газеты «Ведучи»

Благотворительная акция по поддержке малоимущих

По поручению Главы Чеченской Республики, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова Региональный Общественный Фонд имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова (ДАЛА гІазот къобал дойла цуьнан) провел очередную благотворительную акцию по поддержке малоимущих в Итум-Калинском муниципальном районе. Нуждающимся семьям района роздано 140 голов мелкого рогатого скота.

Хочется отметить, что жителям района дорого внимание со стороны Мехкананы, ибо уверены, что они всегда находятся в поле зрения Президента РОФа Аймани Несиевны.

Выражая признательность Главе республики и Президенту РОФ, от имени жителей района и от себя лично, глава Администрации Итум-Калинского муниципального района Мовсар Алхастов сказал:

– От всего сердца хочу поблагодарить Главу ЧР Рамзана Ахматовича Кадырова и Президента РОФ имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова (ДАЛА гІазот къобал дойла цуьнан) уважаемую Аймани Несиевну Кадырову за столь трепетное отношение к нуждающимся гражданам региона.

ДАЛА къобал дойла шун сагІа!

Р.РИЗВАНОВ

Новости нацпроекта

В сельских школах Чеченской Республики открываются «Точки роста»



В рамках нацпроекта «Образование» в сельских школах и образовательных организациях открываются центры образования цифрового и гуманитарного профилей «Точка роста».

Для работы в центрах учителя сельских школ повышают квалификацию на базе детских технопарков «Кванториум». «Точки роста» – новые центры притяжения сельских ребят.

В 42-х сельских школах Чеченской Республики в сентябре откроются Центры образования цифрового и гуманитарного профилей «Точка роста».

В детском технопарке «Кванториум» прошла образовательная сессия для учителей предметной области «Технология».

За время проведения сессии учителя получили hard skills по направлениям high-tech, «промышленный дизайн», «робототехника», «информационные и геоинформационные технологии» и др.

В августе было обучено 42 учителя технологии из сельских школ республики.

М.УСМАНОВ
Министерство образования ЧР

Состоялась церемония открытия Всероссийского молодёжного форума «Выше крыши»

Он объединил активную, целеустремленную, талантливую молодежь со всех уголков России, включая представителей Чеченской Республики.

Молодежный форум #ВышеКрыши»– пространство для реализации творческого потенциала и демонстрации креативных идей о будущем. Это первая общегородская открытая площадка про саморазвитие, технологии эффективного бизнеса и совместное проектирование будущего Санкт-Петербурга. В основные два дня работы форума пройдут мастер-классы и воркшопы топовых экспертов в области личностного роста, встречи с представителями власти и общественных организаций, известными спортсменами, бизнесменами, художниками, учеными и блогерами.

Участие в форуме соответствуют одному из мероприятий регионального проекта «Популяризация предпринимательства»: «Обеспечение участия в межрегиональных, общероссийских и международных мероприятиях, направленных на поддержку и развитие предпринимательства, участников федерального проекта «Популяризация предпринимательства»».

Всероссийский молодежный гражданский образовательный форум «Выше крыши» организован Комитетом по молодежной политике и взаимодействию с общественными организациями Санкт-Петербурга при поддержке АНО «Россия – страна возможностей» и Федерального агентства по делам молодежи.

И.ШАРШУЕВ
Министерство Чеченской Республики по делам молодежи

Нравственные ценности

Манипулирование общественным сознанием в информационном обществе

Манипулирование сознанием людей – одна из наиболее серьезных и широко обсуждаемых проблем нашего времени. Ее острота пропорциональна разрушительным последствиям манипулятивных технологий в обществе, проявляющихся в деструкции принятых моральных норм, трансформации ценностей и идеалов, распространении насилия, жестокости и пр. Проблема находится в поле зрения разных областей знания (этики, политики, культурологии, социологии, психологии и т. д.), поэтому так широк спектр рассмотрения различных ее аспектов: от товарного фетишизма до психологии внушения, от особенностей воздействия на людей массовой культуры до применения социально-информационных технологий как средств манипуляции общественным мнением. Говоря о феномене манипулирования многие отечественные и зарубежные исследователи понимают под ним скрытое психологическое воздействие отправителя сообщения на получателя с целью изменения его поведения и намерений. Поскольку получатель часто даже не догадывается о таком воздействии, его поведение зачастую не совпадает с собственными желаниями. Однако процесс манипулирования сложен и не может быть оценен в рамках дихотомии «хорошо – плохо». С точки зрения психолога, «манипуляция – это искусственный процесс создания субъектом иллюзий об окружающей действительности (или о себе), воспринимаемых как другими субъектами, так и самим производителем иллюзий». Из этого следует, что манипуляция – атрибут каждой личности, а личность склонна к самообману и заблуждениям, на которых отчасти строится структура личности. Способность к конструированию позволяет человеку и в пограничных ситуациях оставаться личностью. Без этой способности он становится пассивным или агрессивным существом. Самоманипулирование – один из важнейших механизмов психической сохранности личности: пока она способна конструировать иллюзии и вводить себя в заблуждение, она владеет собственным жизненным миром. Манипулятивное заблуждение, как считают психологи, позволяет человеку выжить под давлением абсурдности своего бытия и подсознательных мыслей о смерти. Именно поэтому проблема манипулирования органично связана с проблемой становления личности.

В настоящее время, которое называют эпохой информационного общества, коренным образом меняется статус информации, ее роль в социуме. Во-первых, современный социум становится насыщенным ею и проницаемым для нее, но, вместе с тем, и зависимым от нее. Во-вторых, информационное пространство каждого члена общества расширилось по сравнению с совсем недавним временем, а это влечет изменения в восприятии гражданами социальной действительности и их социальной активности на уровне изменения ментальных характеристик. В-третьих, разрабатывается новый управленческий инструментарий, основанный на использовании технологий сбора, аналитической обработки и распространения колоссальных объемов информации в режиме практически реального времени, вовлекающий в процесс обмена ею всех членов общества. Все это не может не отразиться на развитии технологий манипулирования. Манипулирование в информационном обществе приобретает поистине глобальный масштаб. В тоталитарном обществе манипулирование применялось для внедрения в сознание людей жестких стереотипов, связанных с идеологическим контекстом «эпохи революционных становлений»… .

Нравственная оценка применения технологий манипулирования не однозначна. Есть те, кто считает, что манипуляции в известном смысле гуманнее открытого доминирования, подавления властью инакомыслия, так как они поднимают общение над насилием. Большинство авторов с этим не соглашаются, указывая на коварство манипуляции, видят в ней скрытую форму принуждения и разоблачают миф о нейтралитете государственных институтов, маскирующих свои истинные цели и сам факт своего заинтересованного воздействия по отношению к рядовым членам общества. Изощренный характер манипулирования поддерживается обогащением технологического арсенала средств воздействия на общество. Социально-информационные технологии определяются как способы решения практических задач, включающие в себя систему познавательных процедур и практических действий, реализуемых с помощью компьютерных средств и направленных на изменение социальных объектов в соответствии с заданными целями и оптимизацией человеческих ресурсов в достижении конкретного результата. В последнее время много пишут о таких технологиях, как маркетинг, компьютерное моделирование, информационная аналитика, реклама, PR-технологии и т. д. Особое место среди них занимает мониторинг. Под мониторингом понимается комплексный метод познавательной и предметно-практической деятельности, направленный на непрерывное слежение за состоянием объектов социокультурной среды по заранее заданным параметрам с целью анализа и контроля ее состояния. Это позволяет осуществлять эффективное управление ее объектами. Именно на примере использования мониторинга хорошо прослеживаются возможности социоинформационных технологий как средств манипулирования сознанием членов общества. Роль мониторинга как средства манипулятивного воздействия весьма коварна, поскольку эта технология претендует на объективное отражение действительности и этим привлекает людей, желающих получить информацию. Мониторинг позволяет многофакторно отражать социокультурную среду: ведь наблюдение за изменениями состояния объектов проводится по системе индикаторов. Мониторинг реализуется с помощью современной компьютерной техники, которая дает возможность не только обрабатывать и передавать огромные объемы информации на массовую аудиторию, преодолевая практически безграничные расстояния и временные барьеры. Он оказывает влияние и на процесс познания, заставляя человека мыслить категориями, отличными от обыденных. Мониторинг меняет взгляды человека на действительность, приводит к «машинизации» сознания. Использование этой технологии гарантирует высокое качество измерений, так как предполагается, что статистические показатели, характеризующие состояние объекта, снимаются непрерывно в течение всего срока наблюдения. Именно таким образом исключается случайность. Собранные сведения проходят математическую обработку (обязательные процедуры ранжирования, корреляции и экстраполяции), обеспечивающую получение непротиворечивых данных, характеризующих исследуемый объект…

О.СЛАДКОВА
Источник: сайт «Мировоззрение»

Ведучи

№ 34 (377), 17 сентября 2020г.

Сулаев Мохьмадан – 100 шо

Мел ирсе хетарх а – и ирс ма дац, ша винчу Даймахкахь доцург

Сулаев Мохьмадан цIе яьккхича, цуьнан муьлхха а произведени хьахаелча, уггаре а хьалха дуьхьалхIуттург цхьа васт ду: цIена, безамехь юьхьсибат, хьекъале ши бIаьрг, кIеда-мерза мотт буьйцучу стеган – поэтан васт.

Иштта дагахь лаьтта Мохьмадан куц-кеп. Цуьнан исбаьхьа хазачу, аьхначу маттахь язйина стихаш: «Суьйренан ойланаш», «Тамаше зама», «Сайн нене», «Керла Iуьйре, «Де», «КIанте»; поэма «Нохчийн кIант Волгин йистехь»; повесть «Эскинойхь»; роман «Товсолта ломара дIавоьду». Мохьмад яздархошлахь а къаьсташ вара цхьа шатайпана оьздангаллица: шен леларца а, нахаца йолу юкъаметтигашца, шен сица. Къаьсттина екхна хуьлура цуьнан юьхь дешархошца цхьаьнакхеттачохь, лечкъа ца лора цуьнга шен хазахетар.

Замано дерриг а дойу,
Замано дерриг а кхуллу,
Стаг воцург лораза войу,
Къонаха шен маравуллу.

Шен амалца, кхоллараллича а йолу оьздалла дайн кхерчахь, винчу юьртахь хьоста долуш яра поэтан. 1920-чу шеран сентябрь беттан 20-чу дийнахь ГIойтIахь вина, школе ваххалц йолу хан оцу юьртахь яьккхина волчу Мохьмада тIаьхьо яздора:

Со юха а винчу юьртахь ву!..
Геннахь лаьтта, курра хьоьжуш, лаьмнаш,
Ойлане а яхна, тийна хьаннаш –
Винчу юьртахь дагна хьоме ду!
Бажа балош вогIу цIехьа Iу,
ЦIечу аьттан логах бехчалг кхозу,
Хьалха санна, гаьн тIехь дека хьоза –
Винчу юьртахь дагна хьоме ду!

Шовзткъе ялх шо долчу поэтана хьоме ду шен беролла дIаяхначу юьртаца мел доьзнарг. Деша ваххалц йолу хан ГIойтIахь а яьккхина, цул тIаьхьа Соьлжа-гIаларчу № 16 йолчу школехь, Асланбековское юьртарчу юьхьанцарчу школехь а доьшу Мохьмада. Деша боккха лаам болу хинволу поэт Баку-гIала деша воьду. Цо цигахь чекхйоккху лоьрийн институт. Дуьххьарлера байт «Нохчийн йиш» Мохьмада ша Бакохь доьшуш волчу хенахь (1935 шо) язйира. Мохьмадан кхолларалли-на беркате тIеIаткъам бира нохчийн халкъан барта кхолларалло а, оьрсийн поэзино а. ТIеман заманахь, массо а кхолларалли-лин белхалойн санна, Мохьмадан дош а дара мостагIчунна дуьхьала олуш, шен махкахойн догойла иракарахIоттош. 1943 шарахь цо язйина «Малх тоьлур бу» поэма дика т1еийцира дешархоша а, критико а.

1944 шарахь шен Даймахках къастийначу нохчийн халкъаца цхьаьна ГIум-Азехь кхойтта шо даьккхинчу



Мохьмадан кхолларалле-хь, цуьнан стихийн мукъамашкахь къаьстташ ешалуш, хезаш ю гIайгIа, сатийсам, шен дайн кхерче, махке сатийсар. Цуьнан дуккха а стихех мукъамехь иллеш а, эшарш а йина, лекха йолийра артисташа. Цул тIаьхьа арахоьцу цо поэзин а, прозин а книжкаш: «Велларг денвалар» (дийцарш, 1959 шо); «Даймехкан зIаьнарш» (стихаш, 1961 шо); «ДоттагIий юхавовшахкхета» (дийцарш, 1962); «Товсолта ломара дIавоьду» (роман, 1966 шо); «Октябро кхоьллинарг» (критикин статьяш, 1967 шо). Гуш махиллара, Мохьмада поэзехь, прозехь, критикехь а (иттех шарахь) беркате болх бина. М. Мамакаевс билгалдоккхура: «Поэтан болх цуьнан киншкин стомма хиларца лара мегар дац. Коьртаниг кхин ду: мел кIорга схьагайта хиъна цунна вайн дахаран а, шена гинчун а маьIна. И гайтар цуьнан нисделлехь, жима киншка а дуккха а тоьлу цхьайолчу йоккхачу томал».

Гоьваьллачу поэто М. Мамакаевс ярташкахь, гIаланашкахь книгашъешархойн конференцеш йира, дика а, ледара а агIонаш толлуш критикаша статьяш язйира, НГIПУ деша боьлхучу абитуриенташа сочиненеш, дипломни белхаш язбира.

Товсолтин доьзалерчу Iоттабаккхамца («Эскинойхь» повесть тIеюьзна язйина «Товсолта ломара дIавоьду» роман, тIаьхьа «Лаьмнаша ца дицдо» цIе а йолуш, оьрсийн матте гочйина араяьлла) гайтина авторо Советан Iедало нохчийн оьзда гIиллакхаш емалдар. Хала лов цо халкъана тIехь лело харцонаш. Товсолтин дахарца, цуьнан доьзалан кхолламца Мохьмада гайтинарг нохчийн къоман гIиллакхашца, ламасташца йолу зIе хадар, оцу хедачу зIено Товсолтин дагна йина чов ю. Лаьмнаш а дитина дIаваххал. Иза майрра дIааьлла, гайтина бакъдерг дара. Дайшна а, церан берашна а юккъера Iоттабаккхам бу авторо буьйцург.

Цуьнан стихаш гочйина оьрсийн, украинийн, гуьржийн, казахийн, ДегIастанан къаьмнийн, хIирийн, гIебартойн, балкхаройн, иштта дозанал арахьарчу къаьмнийн меттанашка а.

Шен «Адамашка» цIе йолчу стихотворенехь, лечкъа ца деш,

Я сий, я хьал со сайна лоьхуш вац.
ХIетте а-м лаьа илли сайн хезийла,
Даггара лаьа – ас и лечкъадац, –
Шу дезарна, шуна со везийла! –

бохуш, вайна юкъара 1992 шарахь дIавахна шен накъост, доттагI Сулаев Мохьмад дагалоцуш халкъан поэто Ш. Арсанукаевс шен цхьана интервьюхь элира: «Вайн яздархойх суна дуьххьара вевзинарг Сулаев Мохьмад вара. Говза поэт а, дика лор а вара Мохьмад. Бер санна догцIена а, шатайпа оьздангалла хиларца а билгалвуьйлура. Уггаре суна цуьнгахь товш хетарг – кхечеран кхиамех воккхавер: «Хьуна вевзий и хьенех, ешний ахь цо язйина хIума, суна вовзийталахь иза», – олура цо.

Нохчийн гоьваьллачу поэто Мухьмад-Селахь Гадаевс аьлла дешнаш дагаоьху шен заманан синмерз, синлаккхалла а хилла, адамашца, Даймахкаца цIена юкъаметтигаш ларъеш ваьхначу Сулаев Мохьмадан дахаран некъан ойла йича:

Уьйрашна вицвелча, Далла а вицлой,
Базло, бах, лахьти чохь упханан тхов…

Делахь-хIета, уьйрашна, накъосташна, доттагIашна, нохчийн халкъана а вицвелла вац, ***«Мел ирсе хетарх а – и ирс ма дац, ша винчу Даймахкахь доцург»,*** – дешнаш а аьлла, шех лаьцна ала хастаме дош юьртахошна, махкахошна а дитина, вайна юкъара дIавахана Сулаев Мохьмад.

Д.СУМБУЛАТОВ

Росреестр

С 1 сентября 2020 заработает внесудебный порядок признания гражданина банкротом

Росреестр сообщает, что в соответствии с Федеральным законом от 31.07.2020 № 289-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О несостоятельности (банкротстве)»и отдельные законодательные акты Российской Федерации в части внесудебного банкротства гражданина" с 1 сентября 2020 заработает внесудебный порядок признания гражданина банкротом.

Закон устанавливает право гражданина подать в МФЦ заявление о признании банкротом, если:

общий размер неисполненных денежных обязательств составляет не менее 50 тысяч рублей и не более 500 тысяч рублей,

на дату подачи заявления в отношении его окончено (не возбуждено иное) исполнительное производство в связи с возвращением исполнительного документа взыскателю.

При подаче заявления о признании гражданина банкротом во внесудебном порядке гражданин обязан представить список всех известных ему кредиторов.

МФЦ в течение одного рабочего дня со дня получения заявления проверяет наличие сведений о возвращении исполнительного документа взыскателю, а также отсутствие сведений о ведении иных исполнительных производств, возбужденных после даты возвращения исполнительного документа, после чего в течение трех рабочих дней осуществляет включение сведений о возбуждении процедуры внесудебного банкротства гражданина в Единый федеральный реестр сведений о банкротстве (ЕФРСБ).

Со дня включения сведений в ЕФРСБ, в частности:

-вводится мораторий на удовлетворение требований кредиторов, за исключением требований кредиторов, не указанных в заявлении гражданина, требований о возмещении вреда, причиненного жизни или здоровью, о выплате зарплаты, о взыскании алиментов и др.;

-прекращается начисление неустоек (штрафов, пеней) и иных финансовых санкций;

-приостанавливается исполнение исполнительных документов.

В случае поступления в течение срока процедуры внесудебного банкротства гражданина в его собственность имущества

(в результате оспаривания сделки, принятия наследства или получения в дар) позволяющего исполнить свои обязательства перед кредиторами, гражданин обязан в течение пяти рабочих дней уведомить об этом МФЦ.

По истечении шести месяцев со дня включения сведений в ЕФРСБ завершается процедура внесудебного банкротства гражданина и такой гражданин освобождается от дальнейшего исполнения требований кредиторов.

А.Л.ШАИПОВ
заместитель руководителя
Управления Росреестра по ЧР

Твори добро

Подарите книгу библиотеке



В целях привлечения к чтению молодежи, популяризации книги, пополнения фондов наших библиотек в Чеченской Республике проходит акция «Дарю книгу библиотеке».

Активное участие в этой акции принимают участие работники муниципальных и других служб, а также рядовые жители Итум-Калинского муниципального района.

Как рассказала директор Центральной библиотечной системы Итум-Калинского муниципального района Хамила Амаева, с 7 августа текущего года они включились в данную акцию и ежедневно получают книги от работников разных служб, а также от жителей района. Участие жителей района в акции способствует восполнению библиотечного фонда Центральной библиотеки района, а отсюда книги могут получать и читатели всех сел района. К середине сентября библиотеке подарено более трех сот книг.

– Активными участниками акции являются Раиса Юсупова, директор Тазбичинской СОШ, Сайд-Салах Мусаев – глава Итум-Калинского сельского поселения, Шамсуддин Дадаев – глава Гухойского сельского поселения,– говорит Х.Амаева. – Хотелось бы отдельно сказать о таких людях, как Хаджимурадов Умар-Али, житель села Зумсой, который от имени своих сельчан подарил районной библиотеке 120 книг! Ведь есть же люди, дела и поступки которых вызывают чувство глубокого уважения, наполняют душу радостным добрым светом и сердечным теплом. Эти люди обладают редким для современного времени качеством – они умеют дарить безвозмездно, бесплатно и при этом радоваться тому, что смогли сделать такое доброе дело. Мы говорим им: Дала къобал сагIа дойла.

Акция «Дарю книгу библиотеке» продлится до 30 сентября 2020 года, а 17 сентября Центральная районная библиотека проводит уже районную акцию, в которой каждый желающий может принять участие.

– Хотелось бы, чтобы все мы приняли участие в этой акции, – призвала Хамила Амаева, – ведь каждый из нас помнит о той первой книге, которую нам подарили или которую мы прочитали, будь то сказка или авторский рассказ. И, как сказал министр культуры республики Х.Дааев, у нас есть возможность сделать так, чтобы эти эмоции пережили и другие.

Подарите книгу библиотеке!

С.АСТАМИРОВА

Бовза, беза хьайн мохк

ЧIиннахара шала бIаьвнаш



Уьш Итон-Кхаьллан кIоштан коьрта кевнаш хилла лаьтта дуккха а зама дIаяьлла. Лаьхьанах сетташ богIу кхарна тIебоьгIу некъ, дагахь доцуш, кху Органан чIожан хIайкална – Шала бIаьвнашна тIехIутту.

Евзачу историс дийцарехь, хIара бIаьвнаш вайн дайша 11-13-чуй бIешерашкахь йоьттина аьрхачу Органан аьтту берда тIехь, шеко йоцуш, бIеннаш шерашкахь царна гIаролхой а хилла лаьттина уьш кху ширачу лаьтта тIехь. Тешаме, гIар йоцу тешаш хилла уьш кху лаьмнашкахь гIоттуш-бузучу маьлхан а, Итон-Кхаьллан мохк кхиаран а, дакъазабаларан а.

Иштта дара дуккха а заманчохь, амма 20-чу бIешеран юьххьехь, юха а нохчийн къоман рогIера къармазалла хьаша йолчу Iалашонца баьхкинчарна ца тайра бIаьвнийн оьздаллин кеп. Кхераман бIаьргаш баккхийра бу баьхначунна а дайна, стешхачу салтичо Абдрашитовс йоккха топ тоьхна ларда тIе кхаччалц йохийра цхьа бIов. Масех шарахь тIам бойна олхазар санна, дийначу бIаьвна тIома кIелахь ялаза ехира иза. ТIаккха а карийра Абдрашитов, амма гIишлошъярхо-нохчи, цо юха а шен ларда тIехь хьалайоьттира бIов. Иштта дIанисдира Абдрашитов Мохьмада Абдрашитов-салтичо динарг. Тахана а, дуккха а шераш хьалха санна, стигалан паналле кура бохь кховдийна, аьрхачу Органан аьтту берда тIехь лаьтта ЧIиннахан шала бIаьвнаш… .

Лаьмнийн некъ



Кхузахь лаьмнаш лаьттачу хенахь дуьйна, ткъа бIаьвнаш ян а йоцучу заманчохь, Органан аьрру берда тIе кхозабелла мокхазчу чархах тхов бара. Схьахетарехь, и бахьана а хилла хир ду вайн дайша цу тхевне нийсса бIаьвнаш йоттар а. Кхаьзна-кх и тхов бIеннашкахь шерашкахь некъа тIе наг-наггахь шен бIаьрхиш-тIулгаш а Iеношш. Цунна кIелхула воьдучун са кIажошка доьдий, дог хьозанах тарлой, буьйна тарлур долуш жимлой, сиха деттадала долалора. «Я АллахI, и тарх ша эзар шерашкахь ма-кхаззара кхазийта Ахь, Дала ма дохьийла, иза шен орамах хаьдда чухецабала!», – Деле кхайкхар бен ца дуьсу хьо чекхваллалц.

Далла бу хастам, ши-кхо шо долуш, тIекхозабелла и тхов жим-жимма оьккхуьйтуш, некъ паргIата баьккхира. ХIинца иза шорбелла, тохарлера кхерам дIабаьлла, йоккхачу трактороо шен нуьцкъалчу уьрсаца охьа мел беъна тIулг, жагIа Органна чу хьаькхна, цуьнан аьрхалла яйъина, иза берда чохь айделла, цхьа малделла, паргIатдаьлла, амма ккул лакхахь а, лахахь а шен хилла буьрсалла ца йитина. Ткъа бIетоннийн йозаллица кху Орган берд ларбеш лаьтта чархаш дисина ккузахь латта. Шайн орамах хаьдда уьш ца хета хьалхалерачух буьрса, амма хIинца а бIаьргго лоцучу лакхарара жим-жимма орамах хедий чухехкало тIулгаш, хьалха санна буьрса дацахь а даг тIе шело тосуш ду. Оцу синхаамо кхетаво – ца деза лаьмнашна шайн тем бохор… .

Т. АЛИЕВА

Экология и мы

По доброй традиции

Трудовая неделя организаций и учреждений района начинается с благоустройства и санитарной очистки закрепленных за ними близлежащих территорий. Не в ущерб основной работе, работники и служащие дружно выходят на субботники и в течение получаса или чуть больше или меньше трудятся на своих территориях.

Уборка мусора, сухих кустарников, очистка ограждений, побелка деревьев, уход за молодыми насаждениями дают отличный результат. Особое внимание уделяется территории вдоль рек и дорог, и Итум-Калинский район приобретает еще более ухоженный вид. Ведь известно, что в выходные дни в горы приезжают гости, туристы. И, конечно, не все радеют за чистоту и убирают за собой.

– Субботники давно стали нашей доброй традицией, мы не упустим случай сделать свой район чище, ведь это – наш дом, – рассказал заместитель главы Администрации Итум-Калинского района А.Рабуев, – конечно, хотелось бы, чтобы наши гости не сорили, но гости есть гости. Ведь, как говорят, по одежде встречают, так и о нас сложится мнение, потому стараемся встречать наших гостей чистотой. А вот, как они оставляют полянки за собой, дело их совести, хотя приходится призывать всех соблюсти чистоту. Ведь чистота и залог здоровья, и часть веры, а нам необходимы и здоровье, и, конечно же, вера тоже.

И.ИСАЕВА



Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92 тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК "Грозненский рабочий" Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 16. 09. 2020. по графику в 18.00, по факту в 16. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №